

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik analisis data, uji sipat data, uji hipotésis data, jeung uji signifikan data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa gambaran panalungtikan anu dilaksanakeun pikeun maluruh data panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna kaparigelan ngadongéng siswa sabada ngagunakeun média Wayang Kertas. Arikunto (2013, kc. 207) nétélakeun yén desain panalungtikan ékspérimén mangrupa panalungtikan pikeun mikanyaho aya atawa henteuna pangaruh hiji hal dina subjék panalungtikan.

Desain nu dipaké pikeun panalungtikan nyaéta *One-Grup Pre-test -Posttest Design*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali ku cara tés nyaéta saméméh ékspérimén (*Pre-test*), jeung sanggeus ékspérimén (*Post-test*).

Tabél 3.1 Desain Panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
O ₁	X	O ₂

(Arikunto 2013 kc. 123)

Keterangan:

O₁ = *Pre-test* (kaparigelan ngadongéng saméméh ngagunakeun média Wayang Kertas)

X = *Treatment* (pangajaran ngagunakeun média Wayang Kertas)

O₂ = *Post-test* (kaparigelan ngadongéng sanggeus ngagunakeun média Wayang Kertas)

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan mangrupa kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média Wayang Kertas. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung taun ajaran 2022/2023 anu jumlahna aya 27 urang. Ngawengku 12 urang lalaki jeung 15 awéwé. Sangkan leuwih jéntré, sumber data panalungtikan saperti dina ieu tabél di handap.


Tabél 3.2 Jumlah siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung

Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
Awéwé	15
Lalaki	12
Total	27

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun ku panalungtik dina panalungtikan. Aya sababaraha tahapan anu kudu dilaksanakeun, diantarana baris didadarkeun ieu di handap.

Tabél 3.3 Tahap Panalungtikan



3.3.1 Tahap Tatahar

Dina tahap mimiti anu bakal dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngaindéntifikasi masalah pikeun mikanyaho kondisi siswa jeung masalah anu nyampak dina prosés pangajaran;
- 2) ngarumuskeun masalah luyu kana pasualan nu karandapan;
- 3) ngajukeun proposal skripsi jeung ngurus suran ijin ngalaksanakeun panalungtikan;
- 4) nyusun intrumén boh média pikeun siswa jeung instrument tés keur siswa pikeun panalungtikan di sakola SMP Negeri 4 Bandung; jeung
- 5) révisi instrumén panalungtikan.

3.3.2 Tahap Prak-prakan

Dina tahap prak-prakan anu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan nyaéta:

- 1) saméméh *pre-test* ngagunakeun média Wayang Kertas siswa dibéré pancén ngadongéng di hareupeun kelas. Ieu kamampuh mimiti siswa dina ngadongéng saméméh ngagunakeun média Wayang Kertas;
- 2) sanggeus mikanyaho kamampuh mimiti siswa, panalungtik méré perlakuan (*treatment*) ngagunakeun média Wayang Kertas;
- 3) sanggeus dibéré perlakuan (*treatment*) panalungtik ngayakeun *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngadongéng sanggeus dibéré *treatment* ngagunakeun média Wayang Kertas téh naha hasilna ngaronjat atawa henteu;
- 4) méré peunteun dumasar kana katégori penilaian; jeung
- 5) nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistic ngaliwatan *SPSS versi 26*.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés anu dilakukeun jumlahna dua kali. Tés kahiji mangrupa *pre-test*, nyaéta tés kamampuh awal saméméh siswa ngalaman prosés diajar ngajar. *Pre-test* mibanda maksud mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nyarita dongéng saméméh meunang “*perlakuan (treatment)*”. Tés kadua mangrupa *post-test*, nu mibanda maksud pikeun mikanyaho siswa dina pangajaran nyarita dongéng sabada meunang “*perlakuan (treatment)*”. Anapon tés nu dilakukeun dina panalungtikan mangrupa tés prakték nyarita dongéng di hareupeun kelas.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés sacara lisan (prakték nyarita dongéng) di hareupeun kelas sangkan siswa bisa nyarita dumasar kana wayang kertas nu geus disadiakeun. Tés dilakukeun dua kali ka siswa nyaéta saméméh (*pre-test*) jeung sabada (*post-test*). *Pre-test* dilakukeun pikeun ngukur kaparigelan ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun *treatment* média Wayang Kertas, sedengkeun *post-test* digunakeun pikeun mikanyaho kaparigelan ngadongéng sanggeus ngagunakeun *treatment* média Wayang Kertas.

Soal tés dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngagunakeun lembar soal nu eusina paréntah. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun dina wangun soal *pre-test* jeung *post-test*.

Tabél 3.4 Format Tés Ngadongéng Siswa
Soal *Pre-test* jeung *Post-test*

<p>Pék tulis dongéng Sunda kelompok légenda. Tuluy dongéngkeun di hareupeun kelas kalawan katangtuan saperti ieu di handap!</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Unggal siswa nulis jeung milih salasa hiji téks dongéng kelompok légenda anu ditangtukeun di handap. <ol style="list-style-type: none"> a. Sasakala Tangkuban Parahu b. Sasakala Talaga Warna c. Sasakala Situ Paténggang 2. Unggal siswa maju ka hareupeun kelas sacara acak. 3. Ngadongéng dumasar kana téks anu ditulis. 4. Aspék anu dipeunteun dina ngadongéng nyaé ta: <ol style="list-style-type: none"> a. Lentong b. Lafal c. Pamahaman eusi d. Éksprési e. Géstur

3.6 Téhnik Analisis Data

Olah data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan téhnik-téhnik ieu di handap.

- a. Data anu diolah nyaéta data anu dikumpulkeun ngaliwatan *pre-test* jeung *post-test* anu dilaksanakeun ka siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung.
- b. Méré peunteun dumasar kana aspék anu geus ditangtukeun. Data dipeunteun ku panalungtik sorangan. Rubrik peunteun anu digunakeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.5 Rubrik Méré Skor Ngadongéng

No	Aspék Peunteun	Skala	Indikator
1.	Lentong	1	Kurang pisan : teu merenah
		2	Kurang : kurang merenah
		3	Sedeng : aya lentong nu kurang merenah

		4	Hadé : béntés rada alus
		5	Hadé pisan : alus, sampurna
2.	Lafal	1	Kurang pisan : loba kasalahan
		2	Kurang : loba lafal nu kurang merenah
		3	Sedeng : kasalahan dina lafal rada sering
		4	Hadé : lafalna alus, teu loba méngpar
		5	Hadé pisan : lafal unggal sora bersih, jelas, sampurna
3.	Pamahaman Eusi	1	Kurang pisan : teu maham kana eusi dongéng, teu ngaguluyur
		2	Kurang : kurang maham kana eusi dongéng, kurang ngaguluyur
		3	Sedeng : maham kana eusi dongéng, kalawan ngaguluyur sok sanajan masih aya nu kurang merenah
		4	Hadé : maham kana eusi dongéng, ngadeukeutan sampurna
		5	Hadé pisan : maham pisan kana eusi dongéng, sampurna
4.	Éksprési	1	Kurang pisan : sikepna kaku, teu éksprésif, teu tenang jeung grogi
		2	Kurang : sikepna kurang éksprésif, kurang tenang, jeung grogi

		3	Sedeng : cukup éksprésif, rada tenang, jeung teu grogi
		4	Hadé : bisa éksprésif, ngadeukeutan sampurna, tenang, teu grogi
		5	Hadé pisan : éksprésif pisan
5.	Géstur	1	Kurang pisan : géstur teu merenah
		2	Kurang : loba géstur awak kurang merenah
		3	Sedeng : aya saeutik géstur awak, rada Merenah
		4	Hadé : merenah, géstur awak teu Kaleuleuwihi
		5	Hadé pisan : gésturna alus pisan

Haerudin jeung Suherman (2019, kc. 128) kalayan diropéa

Pikeun ngukur kamampuh ahir siswa diayakeun rentang katégori penilaian. Rentang penilaian dijadikeun acuan hasil peunteun siswa aya dina rentang katégori kurang pisan, kurang, sedeng, hadé, atawa hadé pisan. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap rentang nilai kamampuh siswa.

Tabél 3.6 Katégori Penilaian

Katégori Penilaian	
0-25	Kurang Pisan
26-40	Kurang
41-60	Sedeng
61-80	Hadé
81-100	Hadé Pisan

Méré peunteun hasil *pre-test* jeung *post-test* nyarita dongéng siswa ngagunakeun rumus kalayan skor maksimal 100. Rumusna saperti ieu di handap.

$$\frac{\text{Jumlah Skor}}{\text{Jumlah Skor Maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

Skor maksimal 100

Tabél 3.7 Kritéria Peunteun Dumasar KKM

Peunteun	Keterangan
≥ 75	Tuntas
< 75	Can Tuntas

c. Peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.8 Kaparigelan ngadongéng Siswa

No	NA	Kamampuh Ngadongéng						Kategori	
		A	B	C	D	E	Σ		P
1.									
2.									
3.									
...									
	Σ								
	Rata-rata								

Keterangan:

No = Nomer

NA = Nomer Absén

A = Lentong

B = Lafal

C = Pamahaman eusi

D = Éksprési

E = Géstur

Σ = Jumlah

P = Peunteun

KKM = 75

Rasya Aura Adneta Putri, 2023

MEDIA WAYANG KERTAS PIKEUN NGARONJATKEUN KAPARIGELAN NGADONGÉNG (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Katégori = Peunteun ≥ 75 siswa dianggap tuntas ngadongéng

Peunteun ≤ 75 siswa dianggap can tuntas ngadongéng

Pikeun nangtukeun kritéria peunteun siswa dumasar lentong, lafal, pamahaman eusi, éksprési, jeung géstur disaluyukeun jeung kritéria skala skor ngadongéng.

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan mangrupa uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ku cara ngagunakeun *SPSS versi 26* mangrupa hiji program anu sok dipaké pikeun mantuan panalungtikan nalika prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistic.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji Normalitas mangrupa hiji sipat data anu miboga fungsi pikeun mikanyaho normal henteuna data anu dipaké dina ieu panalungtikan. Nurutkeun (Sugiyono, 2019, kc. 76) yén hiji data anu ngawangun distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-ratana nyaéta sarua, kitu ogé simpangan bakuna. Dina ieu panalungtikan, uji normalitas baris ngagunakeun uji *Kolgomov- Smirnov* ku cara ngagunakeun *SPSS versi 26*.

3.6.1.2 Uji Hipotésis Data

Dina ieu panalungtikan dilakukeun uji hipotésis data pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun *SPSS versi 26*. Aya dua hipotésis nyaéta hipotésis nol jeung hipotésis alternatif. Hipotésis nol (H_0) nyaéta euweuh hasilna atawa euweuh béda nu signifikan antara hasil diajar pangajaran ngadongéng ngagunakeun Média Wayang Kertas jeung teu ngagunakeun Média Wayang Kertas . Hipotésis alternatif (H_a) nyaéta béda anu signifikan antara hasil diajar pangajaran ngadongéng ngagunakeun Média Wayang Kertas jeung teu ngagunakeun Média Wayang Kertas. Ku kituna hipotésis dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

a. Hipotésis Nol

H_0 = Teu aya béda anu signifikan antara siswa nu ngagunakeun Média Wayang Kertas jeung teu ngagunakeun Média Wayang Kertas dina pangajaran ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.

b. Hipotésis Alternatif

H_a = Aya béda anu signifikan antara siswa nu ngagunakeun Média Wayang Kertas jeung teu ngagunakeun Média Wayang Kertas dina pangajaran ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.